

## Yon Poul

### Genre: Yon Fiksyon

#### Kesyon Esansyèl

Kijan Toto ak kominote a genyen sa yo bezwen?

Toto se yon ti gason ki t ap viv nan yon vilaj nan Nòd D’Ayiti. Li te oblige kite lekòl apre papa l mouri pou li te ka ede manman l. Li te al koupe bwa pou fè chabon, epi pote **twokèt** sou tèt li bay manman li pou li al vann nan mache. Se te dènye **chaj** la pou jounen an. Li te grangou epi li fatige.




Toto ak manman li t ap viv nan yon ti kay pay. Te gen kèk wòch ki sèvi kòm recho pou fè manje deyò a. Yo pat janm gen ase lajan ak manje pou yo manje. Pandan li ap apwoche lakay li, li pran sant bon ti manje manman li tap kwit. Li mache pi vit.



Nan vilaj la, pèsonn ki ret nan zòn nan pa t gen ase lajan pou **sere**. Men tout fanmi dakò: Y ap fè yon “Eso” chak fanmi ap kontribiyè lajan. Lè yo resevwa men pa yo, yo achte yon bagay enpòtan. Fanmi Benjamin te premye fanmi ki resevwa lajan an. Yo achte de kamyon fwi pou vann epi yo **fè pwofi**. Fanmi Pòl resevwa lajan an epi yo achte yon machin a koud deziyèm men.

Yon jou, se te tou fanmi Toto. Manman li achte yon bourèt pou pote bwa nan mache. Li konte lwe l bay moun pou transpò. Te gen ti lajan rete, Toto mande mande manman li prete paske li **te vle yon bagay pou tèt pa li tou**. Li te gen yon plan tou. Plan Toto se pou li achte yon poul. Li menm ak manman li ap manje kèk nan ze yo epi l ap vann rès yo. Toto ale nan yon fèm ki nan yon **vilaj tout pre vilaj pa li** a ki gen anpil poul . Li pat konnen kilès pou li chwazi. Li gade, li gade epi li chwazi yon poul ki sanble li renmen ponn ze. Li pote li nan yon panye sou tèt li. Pandan Toto sou wout pou retounen lakay li, li reve yon bèl lavni ak anpil ze. Petèt li ka vann ase ze pou li achte yon lòt poul. Li mete poul la dòmi tou pre kabann li pou li ka ansekirite. Li bati yon nich nan yon bwat pou poul la epi li tcheke chak jou pou si gen ze. Premye jou a li pa jwenn anyen. Dezyèm jou a li pa jwenn anyen. Men li gade nan yon kwen anba kèk pay, li wè yon ze mawon. Toto gen chans, poul li a renmen ponn ze.



Toto ak manman li manje de ze epi yo sere twa pou vann nan mache Samdi. Li sere ase lajan pou remèt manman li nan de mwa. Li te gen ase lajan pou li achte yon lòt poul nan kat mwa. Li achte yon lòt poul nan si mwa. Toto fyè de tèt li epi manman fyè de li tou. Toto vin gen vensenk poul nan en an. Toto te vin gen anpil travay pou okipe poul yo. Toto vin gen ase lajan pou li retounen lekòl pou li aprann. Toto fè anpil Jefò pou ratrape. Li aprann kouman pou li **filtre** dlo pou retire **parazit** . Li aprann kouman pou li itilize pou pou pou ak **konpòs** ki sot nan fatra pou nourir tè a pou **elvaj** legim. Toto vinn gen pi gwo rèv apre li gradye kòm agwonòm. Toto deside pran yon gwo **risk**.



Li pran tout lajan manman ak li genyen pou achte yon fèm pou elve poul. Toto al labank pou mande yon **prè**. **Anplwaye** labank lan ba li **kredi** apre li eskplike kouman ki rive grandi biznis li genyen an. Fèm nan pèmet li bay anpil moun travay, epi fèm lakòz kominote a fè gwo pwogrè. Anpil anplwaye ki depann sou **salè** yo touche pou elve pitit pa yo. Fèm Toto a vinn pi gran fèm ki gen nan zòn nan. Li vinn granmoun kounye a, men pitit li yo kontinye **dirije** fèm nan.

### **Vokabilè:**

Twokèt, parazit, konpòs, elvaj, risk, kredi, anplwaye, salè, dirije

### **Kesyon Esansyèl**

Kijan Toto ak kominote a genyen sa yo bezwen?

### **Keksyon Gid**

Ki lòt fason moun nan yon kominote ka ede yon lòt ranpli bezwen yo genyen?

Kijan nou genyen bagay nou bezwen?

### **Kesyon pandan lekti**

Poukisa manman Toto fyè de li?

Poukisa Toto al labank?